# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में चुनाव आयोग अस्सी लोकसभा सीटिनि पर होखे वाली मतगणना क पुरहर तैयारी कई लिहले हवे। मतगणना बिहने भिन्नहीं आठ बजे से सुरू होइ। राज्य क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवले कि लोकसभा आम चुनाव क मतगणना राज्य के पचहत्तर जिलन के एक्यासी मतगणना केन्द्रन पर होइ। सज्जों स्ट्रांग रूम जहवां मतदान वाला ईवीएम रखल कइल हवे, तीन स्तरीय सुरक्षा घेरा में बाटे। जवने में केन्द्रीय ससस्त्र बल तैनात हवे। संबंधित ओम्मेदवार सीसीटीवी कैमरा क जरीए स्ट्रांग रूम के व्यवस्था पर चौबीसों घंटा निगाह रखले हवे।

श्री रिणवा बतवलें कि सज्जों मतगणना केन्द्रन पर वीडियों अउर स्टैटिक कैमरा लगावल गइल हवे सथहीं मीडिया सेन्टरों बनावल गइल हवे। सज्जों राजनीतिक दलन के ओम्मेदवारन के सूचित करत सज्जों जरूरी प्रोटोकॉल क पालन कइल जाइ। उहां के बतवली कि आगरा, मेरठ, आजमगढ़, देउरिया, सीतापुर अउर कुशीनगर जिलन में दुई–दुई केन्द्रन पर मतगणना होइ। एकरे अलावे आठ लोकसभा क्षेत्रन क मतगणना तीन जिला में होइ जबकि सैतीस लोकसभा क्षेत्रन क मतगणना दुई जिला में होइ अउर पैतीस लोकसभा क्षेत्रन का मतगणना एक जिला में होइ। गाजियाबाद लोकसभा क्षेत्र अउर साहिबाबाद विधानसभा क्षेत्र में ओटे क गिनती अधिकत्तम इक्तालिस राउंड में पूरा भइले क उम्मीद बाटे।मतगणना प्रक्रिया के निगरानी बदे भारत निर्वाचन आयोग एक सौ उन्नयासी केन्द्रीय पर्यवेक्षकन के तैनात कइले हवे।

**********

मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार कहले हवें कि भारत के लोकसभा चुनाव में चौंसठ करोड़ से जियादे मतदाता लोगि हिस्सा लेके विश्व रिकॉर्ड बनवले हवे। आजु नई दिल्ली में एगो संवाददाता सम्मेलन के संबोधित करत श्री कुमार कहले कि ई सज्जों जी–7 देसन अमेरिका, ब्रिटेन, फ्रांस, जर्मनी, इटली, जापान अउर कनाडा के मतदाता लोगिन के सख्या से डेढ़ गुना बेसी हउवे। उहां के कहलीं कि येह लोकसभा चुनाव में एक्तीस करोड़ से जियादे महिला मतदाता ओट डरलिन जवन दुनिया में अबतक क सबसे जियादे संख्या हवे। मुख्य निर्वाचन आयुक्त कहले कि मतगणना केन्द्रन पर केन्द्रीय ससस्त्र पुलिस बलन क तीन स्तरीय सुरक्षा लगावल गइल हवे। हर मतगणना टेबिल पर माइक्रो पर्यवेक्षकन के साथे–साथे मतगणना केन्द्रन पर चौबीसों घंटा सीसी टीवी कवरेज कइल जाइ।

**********

प्रदेस सरकार आजु आम लोगिन से अपील कइले हवे कि लोग मतगणना से जुड़ल फर्जी खबर पर ध्यान न दें। मतगणना पुरहर सुरक्षा व्यवस्था के साथे पारदर्शी तरीका से संपन्न होइ। कुछ लोग राज्य के कानून व्यवस्था के बिगाड़ल चाहत हवे। इनके विरूध ठोस कार्रवाइ कइल जाइ।

प्रदेस क अपर मुख्य सचिव गृह अउर डीजीपी प्रशांत कुमार आजु लखनऊ में एगो प्रेस कॉन्फ्रेंस में बोलत ओह लोगिन के चेतावनी दिहलें हवे जवन लोग मतगणना प्रक्रिया के बारे में फर्जी खबर फइला रहल हवे। सथहीं लोगिन के ढेरि सख्या में मतगणना केन्द्रन पर पहुंचे खातिर कहि रहल हवे। उहां के कहलीं कि पुलिस के लग्गे अइसन लोगिन के बारे में उचित जानकारी बाटें अउर उनके खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइल जाइ। कउनहू हालति में केहू के कानून व्यवस्था बिगड़ले क इजाजत नाही दिहल जाइ।

**********

लोकसभा चुनाव दुई हजार चौबीस के रिजल्ट बिहने जारी भइले से पहिले आजु समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव कहले हवें कि चार जून के नतीजा अइले के बाद देस नकारात्मक सक्तियन से आजाद हो जाइ। आजु लखनऊ में पत्रकारन से बतियावत सपा अध्यक्ष मोदी सरकार के दस साल के काम–काज पर निसाना सधलें। श्री यादव कहलें कि भाजपा छल कइलस, पेपर लीक करवलस अउर इलेक्टोरल बॉन्ड में भ्रष्टाचार कइलस। भाजपा देस के मंदी क सिकार बनवले हवे नोट बंदी से व्यापार कारोबार चौपट कइलस। बिहने मतगणना क रिजल्ट अइले के बादि से भाजपा के झूठ क परदा फास हो जाइ।

**********

राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण एनएचएआई देस भर में टोल टैक्स में औसतन पांच फीसदी क बढ़ोत्तरी कइले हवे। एनएचएआई क एगो अधिकारी बतवले कि बढ़ल टैक्स आजु से लागू हो गइल हवे। राष्ट्रीय राजमार्ग नेटवर्क में नौ सौ से जियादे टोल पलाजा हवे।

**********

भारत क लोकप्रिय भुगतान प्रणाली यूनिफाइड पेमेंट इंटरफेस–यूपीआइ मई में बीस दशमलव चार पांच लाख करोड़ रूपिया के चौदह दशमलव शून्य चार अरब लेन–देन क नया कीर्तिमान बनवले हवे। नेशनल पेमेंट्स कार्पोरेसन ऑफ इण्डिया एनपीसीआइ की ओरि से साझा कइल गइल आंकडा में कहल गइल हवे कि मई के आंकड़ा दुई हजार तेइस में येहि महिन्ना के तुलना में

मात्रा में ओन्चास फीसदी अउर दाम में ओन्तालीस फीसदी जियादे बाटे। अप्रैल दुई हजार सोरह में यूपीआई सुरू भइले के बादि से मई क वर्तमान आंकड़ा दाम अउर मात्रा के हिसाब से सबसे जियादे हवे।

**********

प्रदेस में भीषण गरमी अउर लुह के प्रकोप जारी बाटे हांलाकि पूर्वांचल के गोरखपुर, संतकबीर नगर, कुशीनगर, महराजगंज, सिद्धार्थनगर के सथहीं कुछु जिलन में मौसम विभाग आजु गरज–चमक के साथे बरखा क अनेसा जतवले हवे। मौसम विभाग के मोताबिक पूर्वांचल के प्रयागराज में आजु सबसे जियादे पैंतालीस दशमलव शून्य दुई डिग्री सेल्सियस, वाराणसी में तैंतालीस दशमलव छौ डिग्री अउर गोरखपुर में चालीस दशमलव चार डिग्री सेल्सियस तापमान रिकॉर्ड कइल गइल जबकि पच्छिमी उत्तर प्रदेस में झांसी अउर आगरा में तैंतालीस दशमलव छौ डिग्री सेल्सियस तापमान दरज कइल गइल।

**********